



## **Kesyon Moun Poze Souvan konsènan MERS**

### **Kisa MERS ye?**

MERS oswa Sendwòm Respiratwa Mwayennoryan (Middle East Respiratory Syndrome), se yon maladi moun pran akòz yon viris. Yo te rapòte pifò ka MERS yo nan oswa toupre Penensil Arab la.

### **Èske MERS se menm avèk SARS?**

Non. Menmsi nan fanmi viris jeneral yo, viris ki lakòz MERS (kowonaviris MERS oswa MERS-CoV) diferan avèk viris ki te lakòz Sendwòm Respiratwa ki Grav (Severe Acute Respiratory Syndrome, SARS). Yo pa t rapòte ka SARS depi ane 2004.

### **Ki sentòm ki genyen nan MERS?**

Anjeneral kèk nan sentòm yo se lafyè, tous, ak souf kout. Moun ki gen sistèm defans yo fèb ka gen sentòm ki pi grav.

### **Ki kote viris la te soti?**

Pou kounye a, yo pa konnen kote MERS-CoV te soti, men yo te jwenn viris la sou chamo.

### **Èske MERS kontajye?**

Li simaye nan kontak sere, tankou lè w ap pran swen yon moun ki enfekte oswa si w ap viv avèk yon moun ki enfekte. Yo pa t rapòte ka MERS nan Vil New York, epi risk pou moun New York yo b anpil pou moman sa a.

### **Èske gen yon vaksen oswa tretman pou MERS?**

Pa gen vaksen oswa tretman pou MERS. Swen medikal bay sipò epi li kapab ede soulaje sentòm yo.

### **Èske gen nenpòt moun nan Etazini ki te enfekte?**

Wi, te pen yon ti kantite ka MERS doktè te dekouvri nan Etazini. Jiska prezan, ka sa yo se te ka izole epitou maladi a pa t simaye ba lòt moun. Risk MERS pou piblik jeneral la nan peyi sa a rete ba anpil.

### **Kisa Depatman Sante ap fè konsènan MERS?**

Depatman Sante ap travay avèk CDC pou anpeche MERS simaye. Pou fè sa, departman an ap fè siveyans ak tès, epitou y ap bay enfòmasyon pou pwofesyonèl swen sante yo ak piblik jeneral la. Depatman Sante ap travay tou avèk JFK Airport pou kowòdone mezi repons si yo idantifye yon ka sispèk nan yon avyon.

**Èske mwen ta dwe rele doktè mwen si mwen te vwayaje nan peyi ki nan oswa toutotou Penensil Arab la epitou si mwen vin malad?**

Si ou gen lafyèv, tous ak/oswa souf kout nan 14 jou apre ou te vwayaje nan Penensil Arab la oswa nan peyi toupre yo, kontakte doktè ou epi fè li konnen dènye vwayaj ou.

**Èske mwen toujou kapab vwayaje nan peyi kote te gen ka MERS?**

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) pa rekòmande pou moun chanje plan vwayaj yo, men yo bay konsèy pou manm ekipaj avyon, inite Sèvis Medikal pou Ijans (Emergency Medical Service, EMS) ki nan ayewopò yo ak ofisye Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè (Customs and Border Protection, CPB) Etazini sou fason pou yo rapòte vwayajè ki malad. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb [www.cdc.gov](http://www.cdc.gov).

**Kijan mwen kapab pwoteje tèt mwen si m ap vwayaje nan yon zòn ki afekte avèk MERS?**

- Evite kontak sere, tankou bo moun, bwè nan menm vè, oswa sèvi nan menm istansil kuizin, avèk moun ki malad.
- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo oswa avèk dezenfektan men abaz alkòl.
- Pa manyen zye, nen ak bouch ou avèk men ou ki pa lave.
- Kouvri nen ou ak bouch ou avèk yon klinèks lè w ap touse oswa lè w ap etènye.
- Netwaye epi dezenfekte sifas ou manyen souvan yo, tankou manch pòt, telefòn ak jwèt.

**Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?**

Ale sou sitwèb CDC nan [www.cdc.gov](http://www.cdc.gov) ak/oswa sitwèb Òganizasyon Mondyal Sante (World Health Organization, WHO) nan [www.who.int](http://www.who.int) epi chèche “MERS” pou jwenn enfòmasyon detaye ak alèt sou deklanchman maladi a.